


# SENP PLAN BONDYE LA SOTI NAN delivre LIV JAN



**Poukisa Jezi te mouri?**

## **1. Nou tout fè peche.**

I Jan 1:8 Si nou di nou pa gen peche, se tèt nou n'ap twonpe. Verite a pa nan nou.

Liv Jan 3:19 “Men ki bò kondannasyon an soti pou yo: limyè a te vini nan lemonn, men lèzòm te pito fènwa a pase limyè a, paske sa y'ap fè a mal.”



**Nou tout se moun k'ap fè peche!**

## **2. Lanmò Etènel se sa nou jwenn pou peche nou yo.**

Liv Jan 6:40 “Men sa Papa m' vle: Tout moun ki wè Pitit la, ki kwè nan li, se pou yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Mwen gen pou m' fè yo leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a.”

Liv Jan 3:18 “Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a.

Liv Jan 3:36b “...and he that believeth not the Son shall not see life; but the wrath of God abideth on him.”



**Gen yon pri pou peche nou yo.**

### **3. Jezi te mouri sou lakwa, li pran pèn ke nou te merite-a ki se lanmò.**

Liv Jan 14:6 “Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.”

Liv Jan 3:17 Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo.

Liv Jan 1:10,12 “Pawòl la te nan lemonn. Se ak Pawòl la Bondye te fè tou sa ki nan lemonn; men, moun ki nan lemonn pa t' rekonèt li. Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye.

### **4. Ou kapab sèlman resevwa li, pa lafwa, atravè gras e mizèrikò Bondye.**

Liv Travay 4:12 Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.

Liv Efez 2:8-9 Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.

Titus 3:5 li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan.

### **5. Disponib si-w met konfyans ou nan Jezikri kòm sovè-w.**

Liv Jan 5:24 “Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m' lan, l'ap gen lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap kondannen li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi..”

Liv Jan 6:47 “Sa m'ap di nou la a, se vre wi: moun ki mete konfyans yo nan Bondye, se yo ki gen lavi ki p'ap janm fini an..”

Liv Jan 10:28 Mwen ba yo lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap janm peri, pesonn p'ap janmn ka rache yo nan men mwen.



*Si ou vle asepte Jezikri kòm sovè-w e resevwa padon nan Bondye. Men priyè ou kapab priye. Di priyè sa ou nenpòt lòt priyè p'ap ka sovè-w. Se sèlman kwè nan Jezikri ki kapab founi padon peche-w yo. Priyè sa se senpleman yon fason pou pale ak Bondye, mete lafwa nan li e remèsyè-l pou pwovisyon padon sa-a ke-l fè pou nou.*

**Bondye,**

**mwen konnen mwen peche kont ou e-m merite kondanasyon. Men Jezikri te pran kondanasyon kem te merite donk atravè lafwa nan li, m' kapab padonnen. Mwen mete konfyans nan ou pou sovè-m. Mèsi pou gras ak padon mèvèye ou yo! Amèn.**